

## Resous pou Viktim nan tout Eta a

Ajans pou Asistans Viktim nan Massachusetts  
Konsèy Administrasyon pou Viktim ak Temwen  
(617) 586-1340

Depatman pou Konpansasyon ak Asistans Viktim  
Biwo Komisè Gouvènman  
(617) 727-2200 estansyon 2160

Biwo Avoka Jenneral Etazini  
Pwogram Asistans pou Viktim ak Temwen  
(617) 748-3100

Sèvis Enfòmasyon nan Depatman Jistis Pennal)  
Inité pou Sèvis Viktim  
(617) 660-4690 oswa  
(617) 660-4606 (TTY pou moun ki pa tande byen)

Depatman Koreksyonnel Massachusetts  
Inité pou Sèvis Viktim  
(978) 369-3618  
Nimewo gratis (866) 6VICTIM (866-684-2846)

Konsèy Administrasyon sou Liberasyon  
Kondisyonnèl nan Massachusetts  
Inité pou Sèvis Viktim  
(508) 650-4500 oswa (888) 298-6272

Konsèy Administrasyon sou Anrejistrem Anbi  
Seksyèl  
Inité pou Sèvis Viktim  
(978) 740-6440  
Nimewo gratis (800) 93MEGAN (800-936-3426)

DYS, ki vle di "Depatman pou Sèvis Jenn Moun"  
Inité pou Sèvis Viktim  
(617) 727-7575

Sèvis Liberasyon Kondisyonnèl nan  
Massachusetts)  
Inité pou Sèvis Viktim  
(617) 727-5300



### Deklarasyon sou Misyon

Mision Massachusetts Office for Victim Assistance (MOVA, ki vle di "Ajans pou Asistans Viktim nan Massachusetts") se pou ede tout viktим ak temwen krim nan Komonnwèlt la. MOVA ap fè tout sa ki posib pou fè moun nan tout Komonnwèlt la jwenn sèvis ekitab, ki satisfè bezwen espesyal moun krim afekte, tankou devlopman règleman daprè enfòmasyon moun sa yo bay, administrasyon finansmman, fòmasyon, ak asistans pèsonnel.

### Massachusetts Office for Victim Assistance (Ajans pou Asistans Viktim nan Massachusetts)

Victim and Witness Assistance Board  
(Konsèy Administrasyon pou Viktim ak  
Temwen)

One Ashburton Place, Suite 1310  
Boston, MA 02108  
Telefòn : (617) 586-1340  
Faks: (617) 586-1367  
[www.mass.gov/mova](http://www.mass.gov/mova)

Yon pati nan sipò pou publikasyon sa a soti nan yon sibvansyon VOCA yo resevwa nan nmen OVC, OJP, ak DOJ. Opinyon, dekouvet, ak konklyozon ki dekri nan publikasyon sa a soti nan Ajans pou Asistans Viktim nan Massachusetts la, kidon yo pa oblige reprezante sa DOJ, OJP, ak OVC.

## Victim Witness Assistance Program (Pwogram Asistans pou Temwen Viktim)

Biwo Komisè Gouvènman Distrik nan chak konte nan Massachusetts, ak Biwo Komisè Gouvènman an genyen yon Pwogram Asistans pou Temwen ak Viktim, ki ede viktim krim yo pandan y ap jije yon ka. Pou enfòmasyon ak asistans si ou te viktim nan yon krim, rele Pwogram Asistans pou Temwen ak Viktim nan konte krim la te fèt la.

**Biwo Pennal Komisè Gouvènman** (617) 727-2200

**Berkshire County** (413) 443-5951

**Bristol County** (508) 997-0711

**Cape & Islands Barnstable, Dukes  
& Nantucket Counties** (508) 362-8113

**Essex County** (978) 745-6610

**Hampden County** (413) 747-1000

**Middlesex County** (781) 897-8300

**Norfolk County** (781) 830-4800

**Northwestern**

**Franklin County** (413) 774-3186

**Hampshire County** (413) 586-9225

**Plymouth County** (508) 584-8120

**Suffolk County** (617) 619-4000

**Worcester County** (508) 755-8601

HAITIAN CREOLE 0322

# DEKLARASYON SOU DWA VIKTIM nan MASSACHUSETTS

Konprann Dwa ou Genyen  
kòm Viktim yon Krim

Massachusetts Office For Victim Assistance  
**MOVA**  
Victim & Witness Assistance Board

# DEKLARASYON SOU DWA VIKTIM nan MASSACHUSETTS

Objektif Deklarasyon sou Dwa Viktim lan, se pou garanti moun ki viktim ak temwen krim yo kapab konnen, wè, ak tande etap ki enpòtan nan aksyon k ap pran sou ka ki rive yo a.

Dwa fondamental bazik sa yo ap chèche fè viktim ak sivivan yo kapab jwe yon wòl enpòtan nan sistèm jistis pennal la. *Li enpòtan anpil pou ou fè moun yo mete travay avèk ou kòm konseye oswa kòm pwokirè a genyen enfòmasyon pou kontakte ou, pou li ka ede ou w sèvi avèk tout dwa ou genyen yo.*

\*Pou yon lis konplè sou dwa ou genyen, gade nan Deklarasyon sou Dwa Viktim lan (Victim Bill of Rights - M.G.L. c.258B.)

## Dwa ak sèvis pou viktim nan sistèm jistis pennal la

Ou gen dwa...

- » Pou yo fè ou konnen kouman yo travay sou yon ka pennal nan sistèm lan, ak kisa wòl ou ye nan pwosedi a, ak kisa ou pral gen pou fè, epi pou kisa.
- » Pou yo fè ou konnen dwa viktim ak temwen yo genyen, ak sèvis yo ka jwenn nan sistèm jistis pennal la.
- » Pou yo fè ou konnen kouman pou ou jwenn sèvis sosyal, ak sipò kominotè, ak asistans finansyè ki ka la pou ou.

## Enfòmasyon egzak sou ka pennal ou ladan an

Ou gen dwa...

- » Pou yo fè ou konnen evolisyon ki enpòtan nan dosye a.
- » Pou yo fè ou konnen, san pèdi tan, tout chanjman ki fêt nan kalandriye seyans nan tribinal yo resevwa lòd pou ou vini yo.
- » Pou ou pale avèk pwokirè a anvan yo kòmanse travay sou dosye a, oswa anvan yo klase zafè a, anvan jjiman an, ak anvan yo rekòmande yon sanksyon.
- » Pou ou pale avèk pwokirè a nenpòt kilè yon avoka defans mande tribinal la pou gade dosye sikyatrik ou, oswa lòt enfòmasyon konfidansyèl ou.
- » Pou yo fè ou konnen kouman ou ka sètifye pou resevwa enfòmasyon sou yon agresè..

## Lè w ap asiste yon pwosedi tribinal

Ou gen dwa...

- » Pou ou la pandan tout pwosedi yo, ansannm avèk fanmi ou, sòf si ou gen pou ou temwaye epi jj la deside temwayaj ou a kapab afekte, si ou nan sal odyans lan.
- » Pou yo mete ou tann nan yon sal kote ou san danje, oubyen yon sal tribinal la genyen pou ou separe avèk akize a, ak fanmi oswa zanmi akize a.
- » Pou biwo pwokirè a ede w avèk anplwaye ak kreyansye ou yo, si aksyon kriminèl la, oubyen patisipasyon ou nan pwosedi tribinal la ap fè ou gen pwoblèm nan satisfè obligasyon travay oswa peman ou. Si tribinal la site yon temwen pou vin temwaye, epi li fè kote temwen an travay la konnen sa davans, kote a pa gen dwa revoke ni pini temwen an paske li pa vini travay pandan l ap reponn sitasyon tribinal la.
- » Pote nan tribinal la yon foto 8 x 10 oubyen pi piti, ki montre moun ou renmen epi ki viktim la, san jiri a pa ka wè foto a.

## Anvan yon tribunal pran yon sanksyon kont yon akize

Ou gen dwa...

- » Pale avèk pwokirè a sou sanksyon l ap rekòmande tribinal la pran.
- » Pale avèk responsab sanksyon kondisyonnèl la (probation officer) sou konsekans krim lan genyen sou ou, anvan responsab la remèt yon rapò konplè bay tribinal la sou akizeâ a.
- » Fè yon deklarasyon sou konsekans sou viktim devan tribinal la, nan seyans pou sanksyon an, sou konsekans fizik, emosyonnel, ak finansyè krim lan genyen sou ou, ak sou sanksyon ou kwè tribinal la ta dwe bay la.
- » Mande pou jj la bay agresè a lòd peye dedomajman pou lajan krim la fè ou pèdi, ak mande responsab sanksyon kondisyonnèl la yon kopi kalandriye dedomajman pou agresè a fè peman yo.

## Sanksyon, dedomajman, ak liberasyon agresè oswa chanjman kondisyon li nan prizon

Ou gen dwa...

- » Pou yo fè ou konnen dènye desizyon tribinal la pran, sa ki vle di tou yon esplikasyon sou kalite sanksyon yo bay la, ak yon kopi kondisyon yo, si se sanksyon kondisyonnèl yo pran.
- » Pou responsab sanksyon kondisyonnèl agresè a fè ou konnen nenpòt lè agresè a mande pou yo chanje yon lòd pou dedomajman, epi pou yo tande ou nan nenpòt odisyon ki anrapò avèk sa.
- » Pou yo remèt ou tout byen ou yo te sezi kòm prèv pi bonè sa posib, depi ajans aplikasyon lalwa a pa bezwen li ankò.
- » Si gen ka, pou yo ba ou enfòmasyon siplemantè ki genyen sou agresè a, tankou dosye kriminèl li, oswa dosye ki montre si li respekte kondisyon ki nan sanksyon li.
- » Mande pou deklarasyon ou fè, sou konsekans krim lan sou ou, remèt bay Konsèy Liberasyon sou Pawòl la (Parole Board), ki ka kenbe li nan achiv li.

## Sanksyon, dedomajman, ak liberasyon agresè (kontinye)

Ou gen dwa...

- » Pou Konsèy Liberasyon sou Pawòl la fè ou konnen si agresè a kalifye pou liberasyon sou pawòl.
- » Pou yo fè ou konnen sa, anvan yo transfere agresè a nan yon prizon ki gen mwens sekirite.
- » Pou yo fè ou konnen sa, anvan agresè a bennefisyé yon liberasyon tanporè, pwovizwa, oswa definitif, oubyen si li sove nan prizon.

## Sanksyon, dedomajman, ak liberasyon agresè a, oswa chanjman kondisyon li nan prizon

Ou gen dwa...

- » Fè aplikasyon pou Dedomajman Viktim Krim Vyolans, pou gade si ou kalifye pou yo remèt ou kèk nan lajan depans ki soti nan pòch ou, tankou peman medikal, depans konseye oswa ponp finèb, oubyen salè ou pa touche poutèt andikap krim lan lakòz ou.
- » Mande pou, pandan ka a nan tribinal, yo pa pibliye enfòmasyon pèsonnel sou ou ni sou moun nan fanmi ou, tankou adrès lakay nou, nimewo telefon, lekòl nou ale, oswa kote nou travay.
- » Pwoteksyon ajans aplikasyon lalwa yo bay yon moun, kont danje oswa mennas danje ki devan ou, paske ou kolabore nan travay tribinal la.
- » Aksyon rapid pou rezoud ka pennal ou ladan an.
- » Aksepte oswa refize patisipe nan entèvyou avèk ekip defans lan anvan jjiman an, oubyen poze kondisyon rezonnab sou jan yo fè entèvyou a, si ou deside patisipe ladan.
- » Si gen ka, pale avèk yon avoka prive pou kòmanse pwòp aksyon nan tribinal ou poutèt domaj krim lan lakòz ou sibi.